сөйлеўде ассонанс қубылысын пайда етиўде жүдә өнимли қолланылады.

Оқ қәдирин ким билер?
**А**т қәдирин ким билер?
**А**спандағы жулдызлардың санын,
**А**йтың қәне, ким билер [5:283]

Бул мысалда да даўыслы «а» сесинен басланатуғын *ат, аспандағы, айтың* сөзлери кейинги үш қатарда қолланылып, шеберлик пенен көркем түрде ой-пикир баянланған. Айтысыўшы екинши тәрептиң ойына қозғаў салып, сораўдың жуўабын табыўға ийтермелеп тур. Соның менен бирге, кеўилин көтерип, руўхландырмақта. «А» сеси менен дөретилген ассонанс қатарлардың поэтикалық ырғағын тезлестиреди, паузаларды тең етип, музыкалы, ритмли қатарларды пайда етеди.

Шымбайдың ҳәкими ол Төрениязға,
**А**рзым бар **а**йтайын, буны тыңласын,
**А**ғалық **а**ғладур көп билән **а**зға,
Мәртебесин ашып, игәм оңласын [5:312]
Айтқан сөзге келмес намыс,
**Ө**теш шайыр, ҳаслың абыз,
**Ө**миринше жаққан қамыс,
Қос-гүркели халқың, мүйтен [5:355]

Бул мысалларда екинши, үшинши қатарда «а», «ө» даўыслы сеслери *арзым, айтайын, ағалық, ағла, азға, Өтеш, өмиринше* сөзлеринде жумсалып, ассонанслық усыл дөрелиўине тийкар болған. Соның менен бирге, сөзлер қурамында келип, айтыс қатарларына көтериңки руўх ҳәм өзине тән музыкалылық берип тур. Айтысларда еки тәреп бир-бири менен сөз жарысына түсетуғын болғанлықтан, бундай сеслердиң сәйкесимлилиги жүдә әҳмийетке ийе. Жүйин жүйине, гүлин гүлине қондырып, сөзлердиң сәнин келтирип, ой-пикирлерин көркем түрде баян еткенлигин көремиз.

Заманнан заман азған замандағы,
Отырған қарсы алдында ағандағы,
**Е**гер қонақ асы сорап, ише алмаса,
**Е**сабын табалмайтуғын жамандағы [5:343]
Барады көшип аўылың Қаражарға?
Сонарлап қусым салдым қалың қарға,
**А**ласаң байталыңды, **а**йғыр берсең,
**А**лашқа шашып жүрген малым бар ма [5:361]

Келтирилген мысалларда кейинги еки қатарда «е», «а» даўыслы сеслеринен басланыўшы *егер, есабын, аласаң, айғыр, алашқа* сөзлери қолланылып, сөз образлылығы жәмленген. «Текстте фонологиялық қайталаў тәсирли атмосфера ҳәм лирикалық кеширмелердиң ықшам ҳәм жыйнақлы көринисине айланады. Поэтикалық қайталаў элементлери қосықтың руўхы ҳәм мазмунына сай келеди. Қосықтың бөлеклери толығы менен сес ҳәм мағананың, сөз бенен поэтиканың көркем эстетикалық байланысына негизленген» [4:93].

Қырым деген шәҳәрдиң,
**О**ртасында қырық булақ,
**О**тыз еки қасқыр бар,
**О**ның қасты – қой қырмақ,
Буғалық салмай қур-қурлап,
Тамға таяқ сүйедим [5:307]

Бул мысалда «о» даўыслы сесинен басланатуғын *ортасында, отыз, оның* сөзлери қолланылып, ассонанс қубылысы пайда етилген. Бул арқалы ықшамлық ҳәм жыйнақлылық тәмийинленген. Соның менен бирге, қатарлардың басында қолланылып, пәттиң тәсир күшин арттырып келген. Ой-пикирдиң көркемлик дәрежесин арттырып, лингвопоэтикалық хызметте жумсалған. Сондай-ақ, қосық қатарларының музыкалылығын, уйқасымлылығын тәмийинлеп келген.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ халық айтыслары тилинде сеслик қайталаўлар, ассонанс қубылысы, бир тәрептен контексттиң поэтикалық тәсирлилигин пайда етсе, екинши тәрептен эмоционаллық-мәнилик дүзилисин тәмийинлейди.

**Әдебиятлар**


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Өткен күнлерден елеслер. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
2. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
3. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология. –Нөкис: «Билим», 1994.
4. Гусейнова М. Фонопоэтика ашугов и народных поэтов. Баку, АГПУ, 2015.
5. Қарақалпақ фольклоры. 94-95 томлар. –Нөкис: «Илим» 2015.
6. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1982.
7. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. II том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984.
8. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
9. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
10. Қарлыбаева Г. Әжинияз шығармалары тилиниң семантика-стилистикалық өзгешеликлери. –Н.: «Қарақалпақстан», 2017.
11. Йўлдошев М. Бадиий матн ва унинг лингвопоэтик таҳлил асослари. –Т.:«Фан», 2007.
12. Юсупова Б. Фоностилистика. – Ташкент: «Тафаккур авлоди», 2021.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ халқ айтишлари тилидаги ассонанс ҳодисасининг лингвоэпик хусусиятлари таҳлил қилинган. Мисоллар ёрдамида ассонанс ҳодисасининг бадиийи образ яшаш, фикрни баён қилиш имкониятлари ўрнатилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются лингвопоэтические особенности явления ассонанса в каракалпакских народных айтысах. С помощью примеров изучены возможности создания художественного образа и выражения представления о явлении ассонанса.

**SUMMARY.** The article analyzes the linguistic and poetic features of the phenomenon of assonance in the Karakalpak folk aitys. The possibilities of creating an artistic image and expressing ideas are studied about the phenomenon of assonance with the help of examples.


## «ТАС»ҚА БАЙЛАНЫСЛЫ ИСЕНИМЛЕР


**К.С.Палымбетов** – *филология илимлериниң докторы (DSc), доцент*
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*



**Таянч сўзлар:** достон, ишонч, маросим, культ, миф, жой тош, кўк тош, булут.
**Ключевые слова:** эпос, суеверие, традиция, культ, миф, волшебный камень, синий камень , облако .
**Key words:** epic, superstition, tradition, cult, myth, magic stone, blue stone, cloud.


Ерте дәўирлерде дуўаханлар, порқанлар, шаманлар таслардан сыйқыр күши сыпатында пайдаланып келген. Тасларға болған көзқараслар, исеним ырымлар ерте дәўирерден-ақ халық арасында қәлиплескен. Адамлар тасларға культ сыпатында қарап, ҳәр қыйлы ырымларды ислеген. Усы исеним ҳәм көзқарас дәстанлардың сюжетинде де сақланып қалған. Биз бул мақаламызда «жай тас», «көк тас» пенен байланыслы исеним ырымларға тоқтамақшымыз.

Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Қоблан»ның сюжетинде қәйин журттың күйеўди (Қобланды) асқа шақырыўы, қәде бериўи сыяқлы дәстүрлер исленеди. Мысалы: «Көклен кемпир анасы «күйеўди үйге шақырмақлық бурынғыдан қалған еди», – деп Қобланды үйге шақырады... Қара қойды сойып, алдына төс қойды. Қоблан да тапқан алтынларын кемпирдиң алдына қойды» [1:42]. Ерте дәўирлерден халықтың этнографиялық дәстүринде күйеўди күтиў салты ҳәм онда

«күйеўдиң алдына «төслигиң мол болсын» деген ырым менен төс қойылыўы» [2:508] дәстанда сақланған. Дәстан сюжетинде күйеўди шақырыў дәстүри арқалы, Қобланның келешек жолында жәрдемши болатуғын кәраматлы «айдарлы жай булт тас»ты қолға киргизиў ўақыясы сүўретлениўин табады. Мысалы: «Және кемпир сөйледи:

– Айтқанға, бала турмадың,
Күйеўдиң болар қәдеси,
Не берермен сизлерге,
Берер едим не қәлесең» [1:43] – дейди.

Солай етип, Қоблан Қуртқаның айтқан кеңеси менен кемпирден «айдарлы жай булт тас»ты сорап алады. Жай тас ысырапыл үргин шақырып, даўыл турып, самал есип, ағып турған дәрьяны муз етип қатырады. Жай тастың жәрдеминде ағып турған дәрьяның муз болып қатыўы «Едиге», «Қоблан» дәстанларында бар.

Айдарлы жай булт тастың кәрматалы қәсийетке ийе болыўы халықлық ырым менен байланыслы болыўы керек. Себеби, дийханлар бурын қырман суўырғанда, ҳаял-қызлар дән тазалағанда, балықшылар желқомлы қайық айдағанда, ҳаўа райы тымық болса, олар самалды әдетте былай шақырады екен:

Қамыс басын қалтырат,
Жекен басын жалтырат,
Бурымларды сыйпала,
Айдарларды желбирет,
Кишшийт-кишшийт кел самал!
Маған жәрдем бер самал!

Ырымда сөз етилиўинше, самалдың кәраматлы әрўағына  бул шақырық тәсир етедимиш. Халық арасында шақырыўдың басқа да «Айдар-Айдар!» ямаса «Ҳуппа!» деп хор менен бақыратуғын сыңарлары да ушырасады. Арал теңизиниң жағалаўында жасайтуғын қарақалпақлар самал пайғамбарын «Ҳуппа» деп айтады. Дыққатқа миясарлығы сонда, бул түсиник әййемги греклердиң самал қудайы Эолаға сыйыныўы менен үнлес [3:16-17]. Бул жерде бизиң дыққатымызды «айдар-айдар» деген ырым менен самалдың кәраматлы әрўағын шақырыўы қызығыўшылық оятады. Себеби, дәстанлардағы кәраматлы қәсийетке ийе жай тасқа да «айдар» сөзиниң қосып айтылыўы өз-өзинен болып турған жоқ. Айдарлы жай булт тас та даўыл, самал шақырады, ағып турған дәрьяны муз етип қатырады. Илимпазлар М.Жўраев, З.Расулова мынадай мағлыўматты келтиреди: «Әпсаналарға қарағанда, Ҳайдар (қарақалпақша Айдар – П.К.) самал пири болып, оның кекили (айдары – П.К.) барлығы ҳаққында мағлыўмат бериледи. Ойпикирлерге қарағанда Ҳайдар желкесине түсип туратуғын узын ҳәм қалың жайылған кекиллерин желбиреткенинше, қулашын кең жайып тулпарын минип желгенде оның кекиллери желбиреўинен самал жүзеге келген» [4:265]. Профессор Қ.Айымбетовта «Айдар» ҳаққында мынадай ырымды келтиреди: «Дийханлар егин егип, егини пискеннен кейин дәнди айдап, айырып тазалаў ушын қырман атар ўақытлары егер ескен самал тына қойған жағдайда «Айдар, Айдар» деп бақырады. Халық легендаларында «хуппа» деген қатын самал пайғамбары аспанға өзи ушып кетип, шашын қалдырып кеткен деп» кемешилер қылдан кемесине айдар тағып қояды. Кемешилер  самал тынып, желқомы төмен түссе «хуппа» деп бақырады» [5:37]. Илимпаз кемешилердиң қылдан кемесине айдар тағып қойыўын «айдарға» байланыслы келип шыққан ырым екенин түсиндиреди. Бул шаш магиясы менен байланыслы исеним. Халықтың исеними тийкарында сақланып қалған усындай әпсаналарға қарағанда, Айдар самал шақырыўшы мифологиялық образ сыпатында түсинилген. Илимпаз А.Мусақулов: «…ҳайдар (айдар) атамасы әййемийликти ҳәм аждар (қарақалпақша «әйдарҳа» – П.К.) сөзи менен бир екенлигин көрсетеди. Ҳаяллардың шашын жыланға уқсатыў халықта бар нәрсе, әйдарҳа халық түсинигинде жыланның үлкени: «Жылан қырық жыл жасаса, әйдарҳа болады», деген пикирди билдиреди ҳәм «Ҳалықтағы жылан, әйдарҳалар ҳаққындағы түсиниклер көп жағынан суў ҳәм қасылдарлық культлери менен байланыслы. …бала шашының айдар деп аталыўы тарийхый жақтан суў руўхлары ҳәм қасылдарлық идеялары менен уйғынласқан» [6:122-123], – деп жазады. Ҳақыйқатында, илимпаздың пикирине сәйкес «Шәрьяр» дәстанында айдары менен туўылған бала менен қыз (Шәрьяр менен Әнжим) суўға тасланады ҳәм суўда өлмей аман қалады. Бул әййемги суў ҳәм қасылдарық культлери менен байланыслы исеним түсиниктиң дәстанда сәўлелениўи болыўы мүмкин.

Енди айдарлы жай булт тастағы «булт» сөзине келетуғын болсақ, бул да әййемги дәўирлердеги исеним, түсиник, ырымлар менен байланыслы. Қазақ халқының «Қобланды батыр» жырында бенде болған халқын қутқарыўға келген Қобландыны (қарақалпақшада Қобланды) Аналық түс көрип билсе, қарақалпақ вариантында Қуртқа қойдың қуў жаўырынына қарап биледи. Бирақ, екеўинде де Қобланның келгенлигин еншиге берилген булттан биледи.

Қуртқа Торы атты (Қобланның аты – П.К.) жоқлап «Келе ғойсаң не болды, Бултың келди, өзиң жоқ» [1:215], – дейди. Мысалдан көринип турғанындай, сыйқырлы тилсимге ийе «жай тас» пенен аттың пайда болыўы «булт»қа байланыстырылады. Қарақалпақ вариантында Қараманның Булт ҳәм Сағым деп аталатуғын еки аты болады. Бул аспан денелери менен байланыслы мифологиялық түсиниклердиң бири. Илимде эпослардың мифология менен ҳәм диний-фантастикалық сүўретлеўлер менен байланысы мәселелери илимпазларды қызықтырып келеди. Қазақша «Қобыланды батыр» версиясын изертлеген М.Ғабдуллин, Т.Сыдықов: «Бултқа табыныў, оны үлкен күш сыпатында түсинип жалбыраныў шаманлық дәўирден қалған әдет-ырым болған. Олар қурғақшылық гезлери усы бултларға жалбыранып, «жаңбыр бер» деп тиленген, жаратылыс қубылыслары менен тәбият көринислериниң сән әлўан түрлерин (ай, күн, от, суў, булт, даўыл т.б.) жарылқаўшы, жаратыўшы күш ретинде уғынған. Буларға да табынатуғын болған» [7:198], – деп жазады. «Жай булт тас» дәстанның дөрелиў төркинин әййемги дәўирлер менен байланыстырады. Өз гезегинде буның төркини әййемги әдет-ырымлар менен сабақласады. Профессор С.Бахадырова «Жай булт тас» ҳаққында төмендеги пикирлерин билдиреди: «Бул ертеклерде ушырасатуғын дәстүрий деталлардың бири. Ертеклерде бултқа минип басқа еллерге кетеди, бултлар батырлардың киятырғанынан хабар береди. Дәстанларда батырдың пири, аты, ҳаялы менен бирге оған булттың да жәрдемши болыўы, яғный батырдың турмыс жолында ерлик ислеўинде белгили дәрежеде хызмет атқарыўы кеўил аўдаратуғын нәрсе. Бул жерде бир жағынан халықтың адамды табияттың бир жемиси ретинде қарап келиўи менен бирге халықтың ең әййемги дәўирдеги тәбияттың күшине сыйынған, оны қудай деп есаплаған дәўирдеги инанымларынан дерек береди [8:34], – деп жазады. Дәстанда булт сыяқлы кәраматлы «жай тас»тың қолланылыўы да ески инанымлардың қалдығы есапланады. Әййемги «Авесто» жазба естелигинде, қырғызлардың «Манас», қалмақлардың «Жангар» дәстанларында, қарақалпақ халық дәстаны «Қырқ қыз»да сыйқырлы таслар ҳаққында айтылады. Алтай халықлары қәсийетли, сыйқырлы, илаҳий тасты «сата» деп атаған. Қытайлар ақ, қара, көк, қулрең, жасыл, сары реңлери бар тасларды үйренген ҳәм пайдаланған. Әбу Райхан Берунийдиң «Минерология» шығармасында да жаўынды тоқтатыў ушын «яда» тасынан пайдаланғанлығы айтылады. Түркий халықларда дуўаханлар (порханлар) тас сыйқырынан пайдаланыў сырларын билген, олар яда (жай) тасқа қус қанын жағып ҳаўадан

жаўын тилегенлиги ҳаққында мағлыўматлар бар. Жақсы нийетте ырым етилип, усындай илажлар ислен-ген. Жай тастың түрки-монгол халықларында атқара-туғын хызметлери ҳаққында С.Е.Малов, Н.А.Алексеев, А.Жайнақова сыяқлы көпшилик илимпазлардың мий-нетлеринде атап өтиледи. Бул бойынша фольклорта-ныўшы илимпаз Ж.Хошниязовтың төмендеги пикирле-ри де дыққатқа ылайық: «Дәстанларымыздағы кәрмата-лы қәсийетлерге ийе болған мотивлердиң бирин «жай тас» ҳаққындағы түсиниклер қурайды. Бул мотивтиң дәстанлардағы мазмуны бойынша тас – булт тасы (бул-ттан жаралған тас), яғный аспаннан түскен тас мәни-синде қолланылған ҳәм оны батыр теңизди музлатар алдында теңизге тасламай «Бир дууаны оқып, Аспанға атып жиберди» («Қоблан», 116-бет), ямаса «ушырып жиберди» деп, жай тастың кәрамат күшиниң аспан әле-ми менен байланыслы екенлигине силтеме береди [9:54], - деп жазады. Илимде «жай булт тасы» ҳаққында ҳәр қыйлы пикирлер бар. Деген менен, таслардан маги-ялық сыйқыр күши сыпатында пайдаланыў турмыста болғанлығы, оның дәстан сюжетлеринде де сәўлеле-ниўи, қаҳарманға жәрдемши күш болып, мүшкилин жеңиллетиўи, адамлардың «тас» ҳәм «булт»қа болған әййемги исенимлериниң көриниси. Қарақалпақларда жаўынның жаўыўына байланыслы мифологиялық исе-ним бар, сол себепли болса керек «Тасбақаны, қур-бақаны төңкерип қойсаң жаўын жаўады» [10:25], – деп ырым етеди. Және жаўынды жаўдырыў ушын тас-бақаны төңкерип қойып:

Жаўын тиле, сел болсын,
Жайдақ суўлар көл болсын,
Жийектайым ҳөл болсын [2:492], – деп айтымын айтса, жаўын жаўады деген үмитте болған. Бул әййемги дәўирлерде тасбақа ҳасылдарлық ҳәм суў культи менен байланыслы болғанлығын көрсетеди [11:30].

Соның менен бирге, дүнья халықларының көпшилик аймақларында таў-тасларға илаҳий зат ретинде қараў ушырасады. Әсиресе, аспан әлеми, оның реңи менен байланыслы көк тасларды илаҳий санап, культ сыпа-тында сыйынған. Профессор Н.Раҳмонов: «…әййемги адамлар көк тәңриге сыйынған, Көк Тәңри- Көк аспан дегени, әййемгилердиң түсиниги бойынша қәўимлер Көк Тәңри ҳәм қоңыр жерден бина болған перзентле-ри» [12:35], – деп жазды. Түркий халықлардың мифо-логиясында марҳумлар руўхы жайласқан аспан әлеми, көк рең менен түсиндириледи. Қарақалпақ дастанлары-ның сюжетинде көк тас пенен байланыслы исенимлер менен ырымлар сақланып қалған. Мысалы, көк тас қаҳарманның мүшкилин жеңиллететуғын, келешек тәғдирине жәрдем беретуғын илаҳий жәрдемши күш хызметин атқарады. «Бозуғлан» дәстанында Бозуғлан пир бабасы көрсеткен Көк тасты көтереди. Мысалы:

Түйе яңлы көк тасты,
Есик төрли апарып,
Ылақтырып таслады…[13:28]

Көк тастың астында батырға керек барлық нәрсе бо-лады. «Шәрьяр» дәстанының Жумабай жыраў Базаров вариантында Шәрьяр менен Әнжимди өлтирмекши болған Қодар қулға жер, суў, таў, шөлден саза келип, балаларды өлтирмей тас қуйының түбиндеги көк тасқа сүйеп кетиўи айтылады. Мысалы, балаларды арқалаған Қодар: «...бир гөне жолды табады. Сол жолды бәрҳә жағалап, ақшам-күндиз аллалап, жети жолдың дәрбен-ти, көп жолдың қосылған жери – тас қуйыға келеди. Айтқаны дурыс сөз екен. Күн менен нурдай шағы-лысқан көп-көмбек еки тасты көреди. Ширшалы тас екен, деп Қодар жақсы ойланды. Балларды қаптан ала-ды. Қублаға жүзин қаратып, балларды сүйеп қояды, қабын алып қолына, әне жолға шығады» [14:240]. Мы-саллардан мәлим болғанындай ертедеги адамлар көк реңдеги тасты муқаддес деп билген ҳәм марҳумлар руўхы жайласқан көк аспан әлеминдеги Көк Тәңри ме-нен баланыстырады. Сонлықтан да, көк тасты ырым етип, өзлерине мәдаткәр деп билген. Ҳақыйқатында да көк тас арқалы Бозуғлан дүнья-мүлкке ийе болса, Шәрьяр менен Әнжим тас қуйының қасындағы көк тасқа сүйеп қалдырылғанлықтан кийик емизип аман қалады. Дәстанда балалардың тас қуйы, ямаса қудық жанында қалдырылғанында да мифологиялық көзқараслар бар. Себеби, әййемнен-ақ адамлар суўды (ҳәўизлерди, көллерди, булақларды, қудықларды, дәрь-яларды) өмир бағыш етиўши қудирет дәреги деп сыйынған. Суўды пәкликтиң, тынықлықтың, азада-лықтың символы билип, муқаддеслестирген.

Жуўмақлап айтқанда, дуўаханлар, порханлар ша-манлардың тас сырларынан пайдаланыўы, тасларға илаҳий зат сыпатында сыйыныўы, усындай халықлық көзқарас ҳәм исенимлерди үйрениў фольклортаныў илими ушын әҳмийетли саналады.

**Әдебиятлар**


1. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VIII том. «Қоблан». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981 .
2. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 86-том. «Ырымлар ҳәм тыйымлар». – Нөкис: «Илим», 2014.
3. Халық ырымлары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993.
4. Жўраев М., Расулова З. Миф, маросим ва эртак. – Тошкент: «Mumtoz co'z», 2014.
5. Айымбетов Қ.Өткен күнлерден елеслер. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972.
6. Мусақулов А. Ўзбек халқ лирикаси. – Тошкент: «Фан», 2010.
7. Ғабдуллин М., Сыдықов Т. Қазақ халқының батырлық жыры. – Алматы: «Ғылым», 1972.
8. Баҳадырова С. «Китаби дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. – Нөкис: «Қарақал-пақстан», 1992.
9. Хошниязов Ж. Миллий - руўхый дүньямыздың сағалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.
10. Әбдиев А. Қарақалпақ ырымлары. – Нөкис: 2014.
11. Жўраева М. Миф, маросим ва топишмоқ. – Тошкент: «Furdavs-shoh», 2021.
12. Раҳмонов Н. Ўзбекистоннинг кўҳна туркий – рун ёзувлари. – Тошкент: «Фан», 2006.
13. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. XIX том. «Бозуғлан», «Гүлистан», «Қыз Палўан», «Қараман». – Нөкис: «Қарақал-пақстан», 1989.
14. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 1- том. «Шәрьяр». –Ташкент: «Маънавият», 2009.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада сехрли илоҳий тошларга культ сифатида қараш улардан шамол, ёмғир чақиришда фойдаланиш эътиқодлари, достонларнинг сюжетида тошларнинг бажарадиган бадиий хизмати ҳақида сўз юритилади. Қорақалпоқ халқининг «Қоблан», «Бозуғлан», «Шарёр» достонларининг мазмунида «жой, булут, тош», «кўк тош» қаҳрамонларининг келажак ёрдамчи илоҳий куч вазифасини бажариши илмий жиҳатдан исботлаб берилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются священные камни в качестве культа, суеверия вызова посредством камней дождя или ветра, а также говорится об их художественной функции в сюжетах народных эпосов. В том числе, с научной точки зрения де-лается попытка проанализировать значение «волшебного камня облака», «синего камня» в сюжетах каракалпакских народных эпосов «Қоблан», «Бозуғлан», «Шарьяр», а также говорится о том, что священные камни обладают сверхъестественной силой в предопределении и развитии последующей судьбы у героев эпосов.

**SUMMARY.** The article deals with magic stones as a cult, superstition of calling wind or rain by means of stones, and also talks about their artistic function in the plots of folk epics. And also an attempt is made from a scientific point of view to analyze the meaning of the «magic stone of the cloud», «blue stone» in the plots of the Karakalpak folk epics «Koblan», «Bozuglan», «Sharyar», and it is also noted that magic stones have supernatural power in predestination and development of the subsequent fate of the heroes of epics.